

## BIWO KONSEYE JENERAL LA

MEMORANDÒM GC 22-01

8 Novanm 2021

POU: Tout Direktè Rejyonal yo, Fonksyonè  
Responsab yo ak Fonksyonè Rezidan  
yo

DEPI BIWO: Jennifer A. Abruzzo, Konseye Jeneral

SIJÈ: Fason pou Asire Dwa ak Sekou pou Travayè Imigran yo Anba NLRA

Depi adopsyon Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay, NLRB ak tribinal revizyon yo rekonèt toutbon yo akòde pwoteksyon obligatwa Lwa a nan menm mezi pou tout travayè ki konsène yo kèlkeswa sitiyasyon yo kòm imigran nan peyi sa a.<sup>1</sup>Apati ane 1984, Tribinal Siprèm nan *Suretan, Inc.v. N.L.R.B.*, 467 U.S. 883,891-892(1984) te konfime travayè ki pa gen dokiman imigrasyon se anplwaye legal ki gen dwa pou jwenn pwoteksyon anba NLRA. Yon fason pou tout travayè yo kapab egzèse dwa yo anba Lwa a, nou dwe pwoteje dwa travayè imigran yo pou yo pa viktim nan taktik kraponay anrapò avèk imigrasyon k ap chèche fèmen bouch anplwaye yo, denigre dwa yo pou yo aji ansanm pou yo chèche pi bon salè ak kondisyon travay, epi kontrarye volonte yo pou rapòte vyolasyon lalwa. Mwen pran rezolisyon pou fè pote responsablite enstitisyon ki, lè yo sible travayè imigran yo ak espas travay yo, destabilize règleman NLRA ak lwa imigrasyon nasyon an.

Nan memorandòm sa a, mwen pral prezante règleman ak pwosedi ki asosye avèk fason pou satisfè bezwen patikilye kominote imigran yo epi pou asire NLRB aksesib non sèlman pou tout travayè k ap chèche asistans nou, men tou se yon espas pwoteje kote nou trete yo avèk diyite, san nou pa konsidere sitiyasyon imigrasyon yo oswa otorizasyon yo pou travay.

- I. Angajman avèk NLRB ki san Danje, ki gen Aksè Fasil epi aksesib epitou avèk Diyite
  - A. Fason pou Chèche epi Jwenn Èd Imigrasyon pou Temwen ak Viktim Pratik Travay Enjis

Yon baz kapasite NLRB pou pwoteje dwa tout travayè imigran yo— sa ki gen papyè imigrasyon ak sa ki pa genyen—se mwayen nou pou jwenn èd serye ki asosye avèk imigrasyon sou yon baz ka-pa-ka depi nou travay avèk Depatman Sekirite Teritwa (DHS) ak ajans depandan li yo. Nan memorandòm 12 Oktòb li, Ranfòsman nan Espas Travay: Estrateji pou pwoteje Mache Travay Ameriken an, Kondisyon Espas Travay Ameriken an, ak Diyite Moun, Sekretè DHS, Alejandro Mayorkas

---

<sup>1</sup> See, e.g., *Logan & Paxton*, 55 NLRB 310, 315 n.12 (1944) (“Lwa a pa fè diferans ant moun ki sitwayen ameriken ak moun ki pa sitwayen ameriken. Pou nou kapab reyalize objektif Lwa a avèk efikasite, nou konkli pa ta dwe gen distenksyon sou yon baz konsa.”)

objektif Depatman an endike pou” adopte règleman pou ranfòsman imigrasyon pou fasilite travay enpòtan Depatman Travay ak lòt ajans gouvènman pou ranfòse pwoteksyon salè, sekirite nan espas travay, dwa pou travay, ak lòt lwa ak nòm.” Yon fason espesyal, Sekretè Mayorkas te mande Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini (ICE) ak Sèvis Natiralizasyon ak Imigrasyon Etazini (USCIS) pou devlope kèk plan pou soulaje enkyetid ki asosye avèk kolaborasyon avèk ajans ranfòsman yo. Pou fè sa y ap prevwa konsiderasyon soulajman ki disponib pou moun ki pa sitwayen ameriken ki temwen, oswa viktim nan pratik travay ki gen abi ak eksplwatasyon.” Mwen bat bravo pou angajman Sekretè Mayorkas pou travay avèk ajans ranfòsman travay, yo tankou NLRB, pou pwoteje travayè yo kont abi pèmanan epi pou ankouraje patisipasyon konplè yo nan pwosesis ajans yo. Poutèt sa, sou demann yon moun ki konsène oswa yon temwen ki depoze akizasyon, NLRB pral chèche èd imigrasyon tankou aksyon defere, libète sou kondisyon, kondisyon U oswa T, yon dèle anvan depòtasyon oswa lòt soulajman, jan sa disponib ak apwopriye, pou pwoteje travayè sa yo nan egzèsis dwa legal yo epitou pou pèmèt ranfòse man Lwa a avèk severite. Moun yo oswa reprezantan yo kapab endike bezwen pou yon soulajman konsa nan Biwo Rejyonal NLRB k ap fè ankèt sou afè a, oswa ba Ekip Imigrasyon Ajans lan.

#### B. Pètisyon ki Sètifye pou Viza (oswa (Kondisyon) U ak T

NLRB pral kontinye sipòte moun ki viktim yo nan eksplwatasyon travay pou yo jwenn viza U ak viza T (oswa kondisyon) depi nou sètifye aplikasyon yo nan afè apwopriye yo. Kongrè a te kreye pwogram viza U avèk adopsyon Lwa pou Pwoteksyon Viktim nan Trafik ak Vyolans nan ane 2000 kòm yon mwayen pou ranfòse kapasite ajans ranfòsman lwa yo pou yo fè ankèt epi pouswiv nan lajistis afè ki gen rapò avèk sèten pratik abizif kont moun ki pa gen papyè imigrasyon (tankou sèten vyolasyon nan espas travay) menmsi, anmenmtan, y ap ofri pwoteksyon pou viktim yo. Soulajman avèk viza U —tankou pwoteksyon pwovizwa sou fòm aksyon defere ak otorizasyon pou travay pou moun ki fè pètisyon avèk siksè ak fanmi pwòch yo—ka disponib pou viktim krim admisib yo avèk yon pètisyon ki prezante nan USCIS, kote yon ajans ranfòsman lalwa, tankou NLRB sètifye moun nan te itil nan ankèt la ak nan pouswit nan lajistis oswa konduit ilegal. Yon pwogram-sè ofri èd imigrasyon pou yon ti tan anba kategori viza T, yo ka bay pou sèten viktim nan yon fòm trafik grav sou moun, tankou trafik nan travay.<sup>2</sup>

NLRB te rekonèt depi lontan abi yon patwon sou manm kominote frajil yo ki angaje nan aktivite pwoteje, aktivite nan tèt ansanm anba Lwa a pwovoke enkyetid pami yo konsènan fason pou yo chèche asistans, oswa pou bay prèv nan NLRB. Se pou rezon sa a ki fè Ajans lan te vin yon ajans ranfòsman lalwa ki gen rekonesans ak sètifika USCIS pandan anpil ane. Mwen rete angaje nan wòl sa a epi poutèt sa, mwen pral

---

<sup>2</sup> Pou jwenn lòt enfòmasyon konsènan avantaj viza U ak viza T gade lyen [Viktim nan Aktivite Kriminèl: Kondisyon U pou moun ki pa imigran Status](#); [Viktim nan Trafik Imen: Kondisyon T pou Moun ki pa Imigran](#) dènye [Gid Modifye ak Jeneral sou Adjikasyon viza T](#); ak yon [gid resous Sant pou Bloke Trafik Imen sou prezans kontinye](#), ki se yon deziyasyon pou yon ti tan pou viktim trafik ki ka vin temwen posib. Gade tou [Pwosedi Modifye nan Rezoud Pwoblèm Imigrasyon ki Genyen Pandan Pwosedi NLRB](#), Memorandòm 11-62 (ki pibliye nan dat 7 Jwen 2011).

Sètifye demann yo pou petisyon U ak T pou moun ki te itil nan yon ankèt oswa litij NLRB, epi ki te soufri domaj kòm yon viktim nan yon krim admisib.<sup>3</sup>

Dapre pwosesis” Detèminasyon an Bòn-Fwa USCIS ki fèk anonse, yon moun ki fè petisyon pou viza U, an bòn-fwa, devan USCIS, ki vin gen sètifika ranfòsman lalwa yon ajans tankou ajans nou an, pral gen mwayen pou jwenn aksyon defere ak otorizasyon pou travay yon fason apwopriye, sa ki pral asiste moun sa a nan kapasite li pou kontinye kolabore avèk NLB pandan n ap vanse avèk pwosesis dosye nou.<sup>4</sup>Sitou menmsi yon moun pa kalifye pou yon viza U oswa T, NLRB ka toujou mande diskresyon pou pouswit la nan DHS, tankou aksyon defere, ak yon dokiman otorizasyon pou travay, nan afè apwopriye yo.

Ajan Konsèy NLRB yo pral resevwa enfòmasyon nan dokiman pou yo divilge ba moun ki depoze akizasyon yo, temwen yo, ak reprezantan yo sou pwosesis pou chèche jwenn sètifika pou viza U ak T nan Ajans lan. Ekip Imigrasyon an pral devlope tou yon paj sitwèb piblik NLRB ak fòmasyon pou Ajan NLRB yo sou pwosesis sa yo.

### C. Repons pou Taktik Presyon ki Fèt Kont Travayè Imigran yo

Konsèy la te rekonèt depi lontan taktik kraponay anrapò avèk imigrasyon yo fè souvan pou fèmen bouch anplwaye yo epi pou anpeche volonte yo pou rapòte vyolasyon lalwa. Menas anrapò avèk imigrasyon se sitou presyon epi yo “lakòz laperèz pi fò” paske, anplis menas pou posib pèt travay, yo mete kapasite anplwaye yo an danje pou yo rete lakay yo. Gade *iracon, Inc.*, 256 NLRB 245, 247, 252-53 (1981). Konsèy la te note, “menas ki fèt sou sityasyon imigrasyon anplwaye yo merite yon egzamen atantif,” paske, “yo fè pati menas ki pi posib pou lakòz laperèz pami anplwaye yo.” *Labriola Baking Co.*, 361 NLRB 412, 413 (2014). Si pa gen garanti, menas ki anrapò avèk imigrasyon ak vanjans ki fèt sou travayè ki manifeste epi ki bay asistans yo n nan yon ankèt oswa litij NLRB ka chanje lide, “menm anplwaye otorize yo. . . pou egzèse dwa yo dapre Seksyon 7 si sa vle di yo ta poze yo kesyon sou vrè sityasyon oswa sityasyon yo panse yo genyen nan imigrasyon.” *Farm Fresh Co.*, 361 NLRB 848, n.1 (2014). Epi lè yon patwon sible travayè imigran yo nan fason sa a, li kapab detèmine dwa pou travay tout anplwaye yo lè li deranje èd youn pou lòt, efò òganizasyon, ak ranfòsman efikas lwa travay yo.<sup>5</sup>

Konsa nou pral kontinye rete vijilan epi pran trè oserye nenpòt menas oswa konduit pou fè vanjans yon moun ki anba akizasyon oswa moun ki reponn akizasyon an fè nan yon pratik travay enjis ki asosye

---

<sup>3</sup> Kèk nan krim admisib komen ki pa dekouvri pandan yon ankèt sou pratik travay enjis se blokaj lajistis, kowonp temwen, rakèt, ak atak kriminèl. Gade 8 C.F.R. 214.14(a)(9) (2008).

<sup>4</sup> Gade [USCIS Pibliye Règleman pou Bay Plis Pwoteksyon pou Moun ki Viktim nan Krim](#), Piblikasyon nòt USCIS pou laprès nan dat 14 Jwen 2021.

<sup>5</sup> Gade Ruben J. Garcia, *Marginal Workers: How Legal Fault Lines Divide Workers and Leave Them Without Protection* (2012).

pou sitiwayon imigrasyon oswa otorizasyon pou travay .<sup>6</sup> Rejyon yo ta dwe chèche sekou konplè ak imedyat konsènan konduit konsa nan chak etap afè a, tankou chèche soulajman nan enjonksyon dapre Seksyon 10(j) ak modifikasyon plent ki la deja yo, si sa garanti Si konseye moun ki konsène ki anba akizasyon an te patisipe nan yon konduit ilegal konsa Direksyon Rejyonal la ta dwe konsidere refere konseye pou move konduit la anba Seksyon 102.177 Règ ak Règleman Konsèy la, epi tou yo ta dwe konsidere referans tou ba yon asosyasyon bawo leta pou sanksyon kòm sadwa.

## II. Pratik Ankèt ak Litij ki Afekte Lwa a nan Afè ki gen rapò avèk Travayè Imigran

### A. Pratik Ankèt ki Efikas

Nou pa kapab reyalize objektif Lwa a lè moun ki viktim nan diskriminasyon yo ak temwen yo pa vle depoze akizasyon ak prezante prè yo, tankou temwayaj sou sèman, ba yon Ajan Konsèy la Enkyetid anplwaye konsènan temwayaj kont enterè patwon li nan moman a n ak enterè ansyen patwon li vin pi gwo si li gen laperèz tou pou patisipe nan pwosedi ak pwotokòl nou yo sou afè a. Konsa, Rejyon yo ta dwe chèche konprann difikilte ki genyen nan ankèt ki konsène travayè imigran yo epi pou yo fleksib ak konpreyansif ak fleksib.

Apati jodi a, Ajan yo ta dwe konseye chak moun k ap bay temwayaj sou sèman pou yon sitiwayon imigrasyon oswa otorizasyon pou travay moun nan pa enpòtan pou ankèt la sou si te gen vyolasyon Lwa a, epi si ajan Konsèy la pral chèche konnen sitiwayon imigrasyon oswa sitiwayon otorizasyon moun nan pou travay. Answit, Ajan Konsèy la pa ta dwe mande nimewo sekirite sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal (ITIN) Moun nan pandan etap yon afè ki gen merit. Ekip Imigrasyon pral distribiye nan yon ti tan yon dokiman nan anpil lang yo kapab bay pou nenpòt temwen oswa moun konsène ki fè konnen yon enkyetid anrapò avèk sitiwayon imigrasyon ak pwosedi nou yo konsè nan afè yo.

Rejyon yo ta dwe revize akli modifiye pwosedi yo pou temwen yo jwenn aksè nan Biwo Rejyonal yo, tankou direksyon sou kote pou yo jwenn adrès biwo yo, ak pwosedi pou pwoteksyon ak sekirite temwen yo ta dwe espere swiv. Rejyon yo ta dwe bay enfòmasyon sa yo angwo pou kominote imigran yo ak gwoup defansè yo. Kòm yon ajans federal, nou rekonèt tou kèk temwen imigran ka pa alèz oswa pa kapab pou vizite biwo nou yo ki gen adrès nan bilding federal yo. Kote yon temwen fè konnen l ap ezite oswa li pa kapab vini nan yon bilding federal, Ajan Konsèy yo ta dwe jwenn yon kote apa pou rankontre pou pran temwayaj yo sou sèman.<sup>7</sup>Answit, pou fasilite aksè nan pwosesis nou yo, nou pral kontinye kreye ak distribiye materyèl bileng, epi anboche Ajan bileng nan Konsèy la.

---

<sup>6</sup> Yon menas ki anrapò avèk sitiwayon imigrasyon yon patisipan nan yon pwosedi Konsèy la ka reprezante krim admisib blokaj lajistis oswa koripsyon temwen anba pèmision lwa viza U epi kòm kòz pou konsiderasyon Seksyon 10(j) soulajman nan enjonksyon.

<sup>7</sup> Nou ta dwe planifye rankont lan nan telefòn oswa sou entènèt si pa gen lòt mwayen rezonab.

Mwen rekonèt enkyetid konsènan enfòmasyon prive ta dwe afekte volonte piblik la pou depoze akizasyon oswa pou patisipe nan ankèt NLRB yo. Paregzanp, si yon temwen fè konnen li gen enkyetid konsènan fason pou bay yon adrès kay nan yon deklarasyon sou sèman, Rejyon an ta dwe chèche konnen si gen yon lòt mwayen fyab enfòmasyon kontak yo kapab itilize, tankou enfòmasyon kontak yon manm fanmi. An patikilye, menmsi NLRB gen yon règleman jeneral pou kolabore avèk lòt ajans federal ak ajans leta ki mande enfòmasyon sou afè pou asiste efò ajans ranfòsman lalwa, yon kolaborasyon konsa pa gen ladan divilgasyon enfòmasyon sou temwen NLRB ba ICE, sof si yon moun mande pou Ajans lan divilge enfòmasyon pou ede moun nan jwenn yon avantaj imigrasyon.

Mwen rekonèt tou gen anpil kalite rezon ki fè yon moun ka itilize yon non nan espas travay li ki pa non legal li. Ajan Konsèy la pa gen obligasyon pou chèche konnen yon fason afimatif tankou si moun ki fè deklarasyon sou sèman yo itilize nenpòt non ki pa non yo itilize souvan nan espas travay la.<sup>8</sup> Men, si yon moun ki fè deklarasyon sou sèman fè yon Ajan Konsèy la konnen li itilize yon non ki diferan avèk non legal li, Ajan Konsèy la ta dwe endike sa nan deklarasyon sou sèman an depi li bay enfòmasyon ki endike anba a: “Mwen (non legal), ki rele tou (lòt non (yo))...” moun ki fè deklarasyon sou sèman an ta dwe siyen deklarasyon sou sèman an avèk non legal li. Rejyon an ta dwe itilize menm pratik la nan tout komunikasyon avèk jij lwa administratif yo, Konsèy la, oswa lòt tribinal yo, ki fè referans avèk non an kòm “(non legal), ki rele tou (lòt non (yo))...” Ajan Konsèy la ta dwe fè moun ki viktim diskriminasyon an ki te itilize yon non ki pa non legal li nan travay kote, si Rejyon an finalman emèt yon plent nan afè yo, plent lan ta dwe fè referans avèk moun nan dapre non legal li.

Answit, pandan ankèt ki konsène moun ki pa pale lang Anglè, Rejyon yo ta dwe konnen diferans ant ladrès pou konprann ak ladrès pou pale.<sup>9</sup> yon moun ki pa pale lang Anglè ka bay temwayaj kredib konsènan yon menas ki fèt kont li, menmsi temwen an pa kapab repete mo egzat yo nan lang Anglè. Anrapò avèk oryantasyon pou travay sou afè a, Rejyon yo pa ta dwe itilize kalite diferans sa a pou pa konsidere temwayaj yon temwen oswa pou deside pou pa emèt plent ou akizasyon ki gen rapò avèk deklarasyon ilegal.<sup>10</sup>

---

8 Si yon moun itilize non li itilize nan travay nan deklarasyon sou sèman li fè ba NLRB, se pwendvi mwen pou sa pa ta vle di yon fo deklarasyon materyèl moun ki fè deklarasyon sou sèman an fè pou objektif obligasyon li pou bay temwayaj ki vrè.

9 Nou byen konnen konsèp ki endike yon moun ka konprann yon lang san li pa kapab pale lang lan, epi pafwa nou konsidere moun sa a kòm bilengwis ki “pasif” oswa “reseptif”. gade egzanp, Michael Erard, *The Small Island Where 500 People Speak Nine Different Languages*, The Atlantic (Nov. 26, 2018) <https://www.theatlantic.com/health/archive/2018/11/receptive-multilingualism-small-languages/576649/>; gade also Hugo Baetens Beardsmore, *Bilingualism: Basic Principles* 16 (2d ed. 1986).

<sup>10</sup> Gade NLRB CASEHANDLING MANUAL, PT. 1, Unfair Labor Practice Proceedings (April 2021), Sec. 10064 ... Biwo Rejyonal la pa kapab rezoud konfli kredibilite sou baz prèv objektif konsènan afè ki ta afekte detèminasyon merit Biwo Rejyonal la, yon plent ta dwe emèt, lè pa gen aranjman.”).

## B. Fason pou chèche Reparasyon ki Deziyen pou Vanjans Anti-Imigran sou Travayè

Aksyon reparasyon Ajans lan aplike pou tout moun konsène ki depoze akizasyon ak moun ki viktim nan diskriminasyon san konsiderasyon sitiyoasyon imigrasyon. Aksyon reparasyon sa yo mande nou pou devlope reparasyon imajinè ak solid nan sèten sikonstans chak afè. Konsa, Biwo Rejyonal yo ak branch Biwo Santral yo pral kontinye travay ansanm ou devlope reparasyon enpòtan ki deziyen pou tout moun ki viktim nan diskriminasyon ak espas travay yo yon fason pou yo kapab fè vizit legal sou demann manm piblik la, tankou travayè imigran yo.

Nan afè ki konsène revokasyon ilegal yon anplwaye, Rejyon yo ta dwe chèche yon reparasyon pou dedomajman, tankou tout aryere salè ak reyentegrasyon san kondisyon moun ki viktim nan diskriminasyon an. Nan ka ki ra, yon Rejyon ka kwè li gen konnen toutbon oswa yon fason konstwiktif yon moun ki viktim nan diskriminasyon pa posede otorizasyon pou travay ki obligatwa anba lwa imigrasyon pou retounen nan espas travay la. Li kapab konplike pou detèmine konesans reyèl oswa konstwiktif. Poutèt sa, jan sa dekri avèk plis detay, Rejyon an pa ta dwe fè yon detèminasyon konsa poukont li epi li ta dwe kontakte Ekip Imigrasyon an. Ekip Imigrasyon an pral asiste Rejyon an nan evalye kesyon an, epi y ap travay avèk Rejyon an ak Biwo Etik ak Etik Gouvènman an pou detèmine yon reparasyon apwopriye anba sèten sikonstans ki baze sou eleman.<sup>11</sup>

Si gen yon detèminasyon ki montre Rejyon an pa kapab chèche aryere salè oswa reyentegrasyon nan yon afè patikilye, Rejyon an ta dwe konsidere yon gwo varyete lòt kalite soulajman yon fason pou evite echèk nan reparasyon an. Kote yon moun ki viktim nan diskriminasyon ka pa gen otorizasyon pou travay, yon lòd pou reyentegrasyon sou kondisyon yo bay anba paramèt Konsèy la prezante nan *Mezonos Maven Bakery*, 362 NLRB 360, 363 (2015), ta fasilite moun ki viktim nan diskriminasyon an jwenn yon “peryòd tan rezonab” pou ranpli fòm yo epi prezante dokiman apwopriye yo pou pèmèt moun ki reponn nan satisfè obligasyon li yo anba lwa federal pou verifye otorizasyon travay anplwaye a. Rejyon yo ta dwe konsidere chèche yon lòd reyentegrasyon tou pou yon kandida kalifye yon òganizasyon travay refere, kote sipò pou òganizasyon an pa fò ase epi fòs negosyasyon li afekte yon fason negatif akòz yon konduit ilegal moun ki reponn nan, paske sa ta “bay yon fason pou soulaje efè dekourajan an sou egzèsis dwa anplwaye inite a dapre Seksyon 7.” *A.P.R.A. Fuel Oil Buyers Group*, 320 NLRB at 417-19 (Member Browning, dissenting in part).

---

<sup>11</sup> Ajans lan gen entèdiksyon pou chèche reyentegrasyon san kondisyon ak tout aryere salè sèlman nan sikonstans ki limite anpil kote Rejyon an gen konesans toutbon oswa konesans konstwiktif ki endike yon moun ki viktim nan diskriminasyon pa kapab travay legalman nan moman an nan Etazini. *Gade Hoffman Plastic Compounds, Inc. v. NLRB*, 535 U.S. 137 (2002) (Konsèy gen bloka lwa imigrasyon pou akòde aryere salè ba yon moun ki pa t gen otorizasyon legal pou travay nan Etazini pandan peryòd aryere salè a); *A.P.R.A. Fuel Oil Buyers Group*, 320 NLRB 408, enfd. 134 F.3d 50 (2d Cir. 1997 lòd pou reyentegrasyon san kondisyon ki apwopriye kote moun ki viktim nan diskriminasyon an pa gen otorizasyon pou travay nan moman an.

Nan yon fason ki pi jeneral, jan sa endike nan memorandòm anvan yo, 12Rejyon yo ta dwe itilize tout mwayen apwopriye pou yo Chèche reparasyon ki konsantre epoutan ki solid pou konduit ki gen rapò avèk diskriminasyon nan tout afè yo, tankou sa ki konsène vanjans ilegal anrapò avèk sitiyaasyon imigrasyon oswa otorizasyon travay anplwaye yo. Sa gen ladan domaj endirèk ki pèmèt anplwaye yo konpanse pèt ekonomik yo soufri kòm yon rezilta dirèk ak prediktib pratik travay enjis yon patwon;<sup>13</sup>piblikasyon Avi pou anplwaye yo ki deziyen pou rive sou anplwaye ki afekte nan moman nan ak ansyen anplwaye ki afekte yo, ak nouvo anplwaye posib yo; yon Avi y ap li an prezans sipèvizè ak manadjè moun ki reponn nan ; yon lòd k ap egzije moun ki reponn nan fè yon peman avèk yon lajan pou reparasyon alapas aryere salè; epi parenaj otorizasyon pou travay(ansanm avèk tout frè asosye yo)kote pratik travay enjis yon patwon te lakòz yon anplwaye pèdi yon otorizasyon konsa.<sup>14</sup>Answit, Rejyon yo ta dwe chèche konpansasyon woutin pou travay ki te fèt deja anba kondisyon ilegal patwon an te enpoze yo, paske reparasyon an pa vle di efò Tribinal Siprèm nan Hoffman Plastics pou amonize lwa nasyon an konsènan imigrasyon ak travay.<sup>15</sup>

Nan afè apwopriye yo, Rejyon yo ta dwe chèche jwenn yon lòd pou egzije sipèvizè ak manadjè yon moun ki reponn swiv fòmasyon sou dwa anplwaye yo anba Lwa a ak konfòmite avèk Lòd Konsèy la; yon lòd k ap egzije fòmasyon pou sipèvizè ak manadjè yon moun ki reponn nan pratik imigrasyon ki pa gen diskriminasyon yo ofri nan Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye Depatman Lajistis; oswa yon lòd k ap egzije fòmasyon avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini sou itilizasyon apwopriye sistèm E-Verify (verifikasyon elektwonik) kote moun ki reponn nan te manipile zouti sa a nan yon manyè ki te vyole Lwa a. Rejyon

<sup>12</sup> [K ap chèche Reparasyon konplè](#), GC Memorandòm 21-06 (pibliye nan dat 8 Septanm 2021), ak [Reparasyon Konplè nan Akò pou Aranjman](#), GC Memorandòm 21-07 (pibliye nan dat 15 Septanm 2021).

<sup>13</sup> Paske *Hoffman*, Konsèy la ak tribinal premye enstans yo limite aplikasyon li avèk anpil prekosyon lè yo distenge aryere salè pou “travay ki pa t fèt,” sa ki pa annamoni avèk règleman ki anba lwa imigrasyon epi poutèt sa prensip sa a pa akseptab, ak lòt konpansasyon lajan. See, e.g., *Tuv Taam Corp.*, 340 NLRB 756, 759 n.4 (2003) (konpansasyon lajan ki apwopriye pou travay ki fèt anba salè ki enpoze yon fason ilegal); *Lamonica v. Safe Hurricane Shutters, Inc.*, 711 F.3d 1299, 1307-1308 (11th Cir. 2013) (pou estime *Hoffman* anpeche reparasyon avèk aryere salè anba NLRA men pa konpansasyon pou travay ki fèt anba FLSA); *Lucas v. Jerusalem Café, LLC*, 721 F.3d 927, 933 (8th Cir. 2013) (menm), sètifika ki refize, 134 S.Ct. 1515 (2014). Konsa, kote yon patwon te demontre yon anplwaye gen oswa te gen otorizasyon pou travay pandan peryòd aryere salè enpòtan, li apwopriye pou Konsèy la akòde dedomajman an lajan dirèkteman akòz pratik travay enjis yon patwon, ki pa menm jan avèk dedomajman ki la sèlman pou “travay ki pa fèt.” Dedomajman konsa, kontrèman avèk aryere salè, pa reprezante yon fason efikas yon aranjman pou travay ilegal. Olye sa, dedomajman sa yo konpanse yon anplwaye pou domaj ekonomik li soufri dirèkteman akòz konduit ilegal patwon an, men yo pa asosye avèk salè ak avantaj ki ta afibli entèdiksyon Lwa konsènan Kontwòl ak Refòm Imigrasyon (IRCA). Dedomajman konsa kapab gen ladan, paregzanp, dedomajman ki gen rapò avèk depans pou sante avèk lajan pòch, depans pou sèvis transpò depans pou demenajman, oswa depans pou pèt lojman, ak sèten depans legal oswa lòt depans.

<sup>14</sup> Gade [Rechèch Reparasyon Konplè](#), GC Memorandòm 21-06, nan pp. 2-3, ak reparasyon ki make nan [Pwosedi Modifye nan Rezolisyon Pwoblèm sou Sitiyaasyon Imigrasyon ki Genyen Pandan Pwosedi ULP](#), GC Memorandòm 15-03 (pibliye nan dat 27 Janvyè 2015).

<sup>15</sup> *Tuv Taam Corp.*, 340 NLRB at 759 n.4.

ankouraje pou chèche asistans Ekip Imigrasyon pou detèmine si reparasyon sipleman tè apwopriye pou asire tout soulajman nèt ki posib.

C. Prevansyon Abi Pandan Litij ak Soulajman nan Enjonksyon Anba Seksyon 10 (j) Lwa a

Rejyon yo ta dwe vijilan nan pwoteje dwa temwen yo pou yo pa pase nan entèwogasyon jenan ak san fondman sou sityasyon imigrasyon yo pandan faz responsablite yon pwosedi sou pratik travay enjis lè sityasyon imigrasyon an pa gen enpòtans.<sup>16</sup>Tantativ yon moun ki reponn pou egzamine otorizasyon pou travay oswa sityasyon imigrasyon yon temwen ap afebli onètete pwosesis Konsèy la lè sa fè kraponay sou temwen ki gen kolaborasyon li ki enpòtan anpil pou ranfòsman nou nan Lwa a. *Flaum Appetizing Corp.*, 357 NLRB 2006, 2012 (2011) (pou sonje “[a]npil tribinal federal te rekonèt egzaminasyon fòmèl konsa nan sityasyon imigrasyon ak eleman pètèt ki touche sou sa ap fè kraponay epi jennen egzèsis dwa legal yo.”)

Pou rezon sa a, Konsèy la te deklare aklè li p ap kite pwosesis la vin yon ankèt ki louvri nan yon sityasyon imigrasyon oswa otorizasyon pou travay temwen ki ka tounen tankou yon ekspedisyon lapèch [kòm] yon metòd pou dekouraje anplwaye yo pou chèche resevwa aryere salè yo nan reklamasyon ki gen merit.” *Id.* at 2010. Olye sa, Konsèy la enpoze yon egzijans kote moun ki reponn nan gen yon baz ki ase reyèl” ki endike yon moun ki viktim nan diskriminasyon pa gen otorizasyon pou travay anvan Konsèy la gen pèmisyon pou plede yon defans afimatif ki baze sou imigrasyon nan yon pwosedi an konfòmite. *Id.* at 2011.

Poutèt sa, Konseye pou Konseye Jeneral la (CGC) ta dwe anjeneral opoze entansyon yon moun ki reponn pou prezante prèv oswa kesyon temwen yo konsènan sityasyon imigrasyon yo oswa otorizasyon pou yo travay pandan faz responsablite yon pwosedi ULP. Pou kontwole konduit sa a, CGC ta dwe chèche tout garanti, tankou lè li enpoze yon mosyon in limine, yon mosyon pou anile yon asiyasyon abizif pou konparèt, oswa yon mosyon pou egzamine baz reyèl yon moun ki reponn.<sup>17</sup>Avèk efò sa yo, CGC ka anpeche moun ki reponn nan lakòz yon odyans Konsèy a tounen yon ekspedisyon lapèch konsènan sityasyon imigrasyon yon temwen.

Rejyon yo ta dwe konsidere tou si ankèt yon moun ki reponn te eseye fè nan sityasyon imigrasyon oswa otorizasyon pou travay yon temwen se yon pratik travay enjis endepandan. nan *Lifeway Foods*, Divizyon Konsèy la te konkli Patwon an te vyole

<sup>16</sup> *Gade Intersweet, Inc.*, 321 NLRB 1, 1, n.2 (1996), enfd. 125 F.3d 1064 (7th Cir. 1997)(Konsiderasyon konfli patwon an ki montre moun ki viktim diskriminasyon an pa t gen dwa pou aryere salè oswa reyentegrasyon paske moun nan pa t gen dwa legal pou travay nan Etazini te rete nan etap konfòmite). Konseye Jeneral annapre yo te depannde Konsèy la ak lwa tribinal pou rekonèt prensip fondamantal sa a. [Gade \*Pwosedi ak Reparasyon pou Moun ki Viktim nan Diskriminasyon epi ki Ka se etranje ki pa gen Papye Imigrasyon apre Hoffman Plastic Compounds, Inc.\*](#), GC Memorandòm 02-06 (pibliye nan dat 19 Jiyè 2002), nan paj 1; [Reparasyon pou Reyentegrasyon ak Aryere Salè pou Moun ki Viktim nan Diskriminasyon epi Ki Ka se Etranje avèk Konsiderasyon Dènye Konsèy la ak Tribinal Anvan](#), GC Memorandòm 98-15 (pibliye nan dat 4 Desanm 1998), nan paj. 4.

<sup>17</sup> Ekip Imigrasyon Ajans lan konsève mosyon modèl yo.



Seksyon 8(a)(1) ak 8(a)(4) Lwa a lè li te kesyone de ,moun ki te viktim nan diskriminasyon konsènan dokiman imigrasyon yo pandan yon pwosedi sou pratik travay enjis, kote sityasyon imigrasyon moun ki viktim yo nan diskriminasyon pa t enpòtan, paske sa te reprezante yon menas tasit pou gen vanjans epi sa te nuizib pou temwayaj temwen an. *Lifeway Foods*, Case 13-CA- 169510, Memorandòm konsènan Konsèy ki nan dat 7 Jwen 2016.

Sètènman, nenpòt posib anpèchman pou reyentegrasyon ka enpòtan lè obligasyon yon moun ki reponn pou reyentegre oswa peye aryere salè; men, pwoblèm sa yo prezante sèlman nan etap konfòmite yon pwosedi sou pratik travay enjis. Rejyon yo pa ta dwe evalye poukont yo afimasyon yon moun ki reponn konsènan yon afè otorizasyon pou travay epi yo ta dwe konsilte avèk Ekip Imigrasyon Ajans lan, paske difikilte otorizasyon pou travay se difikilte ki konplèks. Paregzanp, li aklè yon lèt “non -korespondans Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pa bay eksplikasyon sou kapasite yon moun pou travay legalman nan peyi sa a. Lèt non-korespondans lan poukont li endike li pa fè okenn deklarasyon konsènan sityasyon imigrasyon yon anplwaye epitou genyen [gidak](#) otorite legal ki deklare lè ou antre non yon travayè sou yon lèt non-korespondans SSA sa pa fè deklarasyon sou sityasyon imigrasyon travayè a.

Jan mwen te deklare nan [GC 21-05](#), Mwen kwè enjonksyon yo ki nan Seksyon 10(j) se youn nan pi enpòtan zouti ki disponib pou ranfòse Lwa avèk efikasite, epi sa vrè yon fason espesyal nan afè ki konsène sitou konduit pou fè presyon sou travayè a tankou menas oswa konduit vanjans ki asosye avèk imigrasyon. Konsèy la te rekonèt menas yo oswa konduit vanjans sou baz sityasyon imigrasyon anplwaye yo se sitou konduit ki bay presyon epi konduit konsa souvan arisk pou lakòz domaj ireparab nan egzèsis dwa pwoteje anplwaye yo. Gade *Viracon, Inc.*, 256 NLRB at 247 (“...laperèz pwoblèm posib avèk Sèvis Imigrasyon oswa menm laperèz pou depòtasyon dwe rete grave nèt nan lespri nenpòt moun ki ta afekte nan aksyon konsa Moun ki Reponn nan fè. Laperèz konsa ta, dapre pwendvi nou, ekstrèmman rezistan nan distraksyon efikas avèk itilizasyon reparasyon tradisyonèl.”).<sup>18</sup>

Konsa, pou fasilite tout travayè yo jwenn pwoteksyon anba Lwa a, mwen pral konsidere soulajman Seksyon 10(j) nan tout afè kote kraponay ilegal konsènan sityasyon imigrasyon menase egzèsis dwa yo dapre Seksyon 7 ak otorite Konsèy la pou enpoze reparasyon.<sup>19</sup> Mwen pral konsidere tou pwopriyete pou chèche soulajman anba Seksyon 10(j) nan tout afè apwopriye yo, kèlkeswa nenpòt anplwaye oswa moun ki viktim nan diskriminasyon,<sup>20</sup> epitou mwen pral chèche

---

18 Gade *Ahearn v. Beckley Mechanical, Inc.*, 1999 WL 328775 (S.D.W.V. 29 Mas 1999) soulajman dapre (Seksyon 10(j) ki garanti kote patwon an te menase anplwaye yo pou yo pèdi djòb yo ak fèmi biznis la, te entèwoje anplwaye yo, epi te pwomèt yo kèk avantaj).

19 Gade, e.g., *Rubin v. American Reclamation, Inc.*, 2012 WL 3018335, at \*3 (C.D. Cal. 24 Jiyè 2012) (soulajman pwovizwa dapre Seksyon 10(j) ki te jwenn kote, pami lòt bagay yo, patwon an te fè yon menas vwale pou rele otorite imigrasyon yo paske anplwaye yo t ap sipòte sendika).

20 Gade, e.g., *Pate v. Bodega Latina Corporation*, 2015 WL 12661924, at \*10-11 (C.D. Cal. 30 Jiyè 2015) (tribinal te bay lòd pou reyentegrasyon kote moun ki viktim nan diskriminasyon an te jwenn otorizasyon pou travay pandan aksyon defere a, libète sou

kondisyon oswa lòt soulajman imigrasyon te annatant pou anplwaye ki gen reyentegrasyon pwovizwa apwopriye anba Seksyon 10(j).

### III. Angajman Entè-Ajans Serye

Menmsi nou gen anpil zouti adispozisyon nou pou aplike Lwa a pou tout anplwaye yo kèlkeswa sitiwayon imigrasyon yo, mwayen nou pou pwoteje travayè imigran yo amelyore anpil nan kolaborasyon nou avèk kèk lòt ajans gouvènman. Nan ane 2016, NLRB te antre nan yon [Memorandòm Konpreyansyon](#) avèk Depatman Sekirite Teritwa ak lòt ajans travay ki prevwa yon pwosesis dekonflikasyon. Dekonflikasyon se pwosesis pou prevwa aksyon ranfòsman konfli ant ajans imigrasyon yo ak ajans ranfòsman nòm travay. Nan yon sèten fason, anba MOU dekonflikasyon, ICE pral pa fè aktivite ranfòsman nan yon espas travay ki se sijè yon ankèt ki la deja sou yon konfli travay epi pandan ankèt la annatant ak nenpòt pwosedi asosye, selon yon ti kantite eksepsyon limite. Dekonflikasyon ede asire moun ki kolabore avèk ankèt sou travay kapab fè sa san laperèz pou vanjans, epi ranfòsman lwa imigrasyon pa manipile pou kontrarye ranfòsman efikas lwa travay yo.

Pwosesis dekonflikasyon te vin yon zouti enpòtan pou evite abi epi pou bay pwoteksyon pou anplwaye ki patisipe nan pwosesis Konsèy la, epi mwen angaje pou ranfòse ak agrandi pi plis. Mwen bay tout sipò pou dènye memorandòm Sekretè DHS Mayorkas sou ranfòsman nan espas travay ki mete objektif DHS kote li fè pati

—sou patwon san konsyans, k ap eksplwate frajilite travayè ki pa gen dokiman imigrasyon avèk menas pou depòtasyon, ki afebli nòm travay nasyon, ak dezavantaj patwon yo ki respekte lalwa. Jan sa diskite nan memorandòm DHS ak anwo a, mwen angaje pou mande DHS pou egzèse pouvwa diskresyon pou pouswiv nan tout afè apwopriye ki konsène travayè ki viktim oswa temwen nan vyolasyon Lwa nou. Rejyon yo ta dwe kontakte Ekip Imigrasyon an si gen yon endikasyon ki montre yon demann ta ede nan ranfòsman Lwa a.

Anrapò avèk patwon san konsyans ki vyole lwa travay nan abi lwa imigrasyon yo, nou pral kolabore avèk patnè ajans federal ak ajans leta pou chèche aktivite ranfòsman nan tèt ansanm kont abi patwon yo. Yon egzanp kolaborasyon konsa se [Memorandòm Konpreyansyon](#) avèk Seksyon Depatman Lajistis konsènan Dwa Imigran ak Anplwaye, yon ajans ki ranfòse dispozisyon lwa imigrasyon anti-diskriminasyon.

Biwo Rejyonal yo ta dwe travay avèk Ekip Imigrasyon NLRB pou refere afè yo ba ajans federal ak ajans leta pou pouswit nan lajistis nan sikonstans ki endike anba yo: (1) yon patwon

---

Pwosedi dapre Seksyon 10(j) ki depannde prezantasyon moun ki viktim nan diskriminasyon ba moun ki reponn ba moun ki reponn bon jan dokiman otorizasyon ki konsistan avèk Fòm I-9); *Drew-King v. Deep Distributors of Greater NY, Inc.*, 194 F.Supp.3d 191, 201-202 (E.D.N.Y. 2016) (òdonans pou reyentegrasyon anba Seksyon 10(j) kote moun ki reponn nan pa t bay prèv ki montre moun ki viktim nan diskriminasyon yo pa t gen otorizasyon pou yo travay ban Etazini, yon fason pou note moun ki reponn nan sanble te konfòme li avèk IRCA lè li te anboche anplwaye yo.

Deklare anplwaye li te revoke yo pa t gen otorizasyon pou travay kote gen prèv ki montre patwon an te gen konesans konstwiktif oswa reyèl anvan sou mank otorizasyon travay ki vyole IRCA;(2) gen prèv diskriminasyon oswa vyolasyon dispozisyon IRCA konsènan dwa sivil yo (3) gen prèv ki montre yon patwon pa t konfòme li avèk obligasyon li yo konsènan viza travay moun ki pa imigran; oswa (4) gen prèv ki montre yon patwon te mal itilize E-Verify.

Direktè Rejyonal yo ak Kowòdonatè Rejyonal Imigrasyon yo ta dwe devlope relasyon entè-ajans nan nivo lokal avèk DHS ak sou-ajans li yo pou ranfòse prensip ak pratik dekonflikasyon yo epi bay fòmasyon polivalan pou anplwaye yo pou idantifye abi lwa travay ki konsène sitiyasyon imigrasyon yon oswa otorizasyon pou travay yon travayè, epitou pi byen pwoteje travayè imigran yo.

#### IV. Opòtinite Fòmasyon nan NLB epi Avèk Patnè Nou yo

Mwayen pou ranpli misyon nou pou pwoteje dwa travay tout travayè yo nan Etazini, san konsiderasyon sitiyasyon imigrasyon yo depannde angajman ekip teren nou ki dwe jwenn fòmasyon ak resous yo bezwen. Poutèt sa, nou pral mande Kowòdonatè siperyè ak Kowòdonatè Rejyonal Imigrasyon nou ak Ajan Konsèy la pou yo swiv fòmasyon modifiye ki deziyen pou abitye yo avèk pwoblèm ki konsène kominote imigran yo toupatou nan peyi a ak règleman yo ki diskite nan memorandòm sa a. Answit, pou Ajans lan devlope patenarya serye avèk ajans-sè yo nan nivo federal, leta, ak lokal, nou dwe bay fòmasyon polivalan pou anketè ak ekip ranfòsman yo chak apa. Nou pral kontinye kolaborasyon entè-ajans lan, avèk ajans ki asosye avèk imigrasyon ak ajans ranfòsman lwa travay pou agrandi misyon nou chak apa epi pou asire misyon yo pa gen konfli.

Mwen gen entansyon tou pou kontinye asosye avèk anbasad ak konsila peyi etranje ap satisfè bezwen kominote pa yo, avèk objektif pou sipòte ak agrandi efò komen nou yo pou bay enfòmasyon pou tout travayè kominote sa yo sou sèvis nou yo.<sup>21</sup>Fòmasyon polivalan avèk anbrasab ak konsila ki devwe<sup>3</sup> pral sèvi pou avanse objektif sa yo epitou se yon obligasyon pou nou fè sa. Finalman, pandan efò solid nou yo pou sansibilizasyon an, ekip NLRB ta dwe kontinye asosye avèk gwoup defansè yo, ak gwoup patwon yo pou ofri fòmasyon sou NLRB ak dwa ak obligasyon ki fòme baz lwa nou an.

Mwen kwè memorandòm sa a pral avanse mwayen NLRB pou ranfòse nèt dwa *tout* travayè ki konsène yo nan peyi sa a., san konsiderasyon sitiyasyon imigrasyon yo ak otorizasyon pou yo travay. Mwen espere travay avèk nou tout pou alike ak ranfòse règleman sa yo.

/s/  
J.A.A.

---

<sup>21</sup> dènye [Lèt Aranjman Ajans lan avèk peyi Meksik](#), Anbasadè Moctezuma ak mwen te siyen nan dat 2 Septanm 2021, se kanmenm yon egzanp entansyon mwen pou agrandi efò sansibilizasyon yo pou

kominote imigran yo.